


Devlopman ak Tès yon Enstriman Sikososyal ki Adapte pou Evalyasyon Sivivan Restavèk an Ayiti

Reyalize ak Kolaborasyon:
Beyond Borders / Fondasyon Limyè Lavi
International Organization on Migration
Centre d'Action pour le Développement
Foyer l'Escale
Restavèk Freedom Foundation
ak
Timoun k ap Teke Chans



SA KI NAN RAPÒ SA A

OBJEKTIF PWOJÈ A	3
METODOLOJI	3
REZILTA	4
KARAKTERISTIK ECHANTIYON	4
<i>Tablo 1: Karakteristik echantiyon</i>	4
KARAKTERISTIK ECHÈL	4
<i>Tablo 2: Estatistik deskriptif echèl</i>	5
FYABILITE KOERANS ENTÈN	5
<i>Tablo 3: Koefisyan alfa Cronbach</i>	5
FYABILITE PREMÈ/DEZYÈM TÈS	6
<i>Tablo 4: Fyabilite premye/dezyèm tè</i> s	6
VALIDITE KRITÈ	7
DISKISYON	7
KONKLIZYON	8
REKÒMANDASYON	9
REMÈSIMAN	9
ANÈKS A: PWOSESIS ENFÒME, JWENN KONSANTMAN	10
ANÈKS B: GLOSÈ POU KONSÈP SOU FYABILITE AK VALIDITE	12
ANÈKS C: VÈSYON “YOUTH SELF-REPORT – AYITI” KI TE UTILIZE NAN ETID LA	14

Objektif Pwojè a

Rapò sa a dekri devlopman ak tè s yon enstriman ki evalue pwoblèm sante mantal ak sikososal pami sivivan pratik restavèk ki viv nan zòn metwopolitèn Pòtoprens an Ayiti. Nan devlopman an, nou te konstwi bouyon enstriman an ki pou reflekte pwoblèm sante mantal ak sikososal ki te souleve nan yon premye etid kalitatif pami menm kategori timoun sa yo. Tès la li menm te evalue jan yo aksepte enstriman an nan popilasyon lokal, klate, valide, ak fyabilite li.

Objektif travay sa a se:

1. Devlope yon bouyon enstriman evalyasyon kantitatif ki baze sou pwoblèm sikososal ki souleve nan etid kalitatif la nan menm kategori popilasyon an.
2. Teste klate, valide ak fyabilite enstriman an ak fason popilasyon an aksepte li, epi finalize yon enstriman ki base sou rezilta yo.

Metodoloji

Premye etap la se te devlope bouyon enstriman ki reflekte pwoblèm ki pi soti nan etid kalitatif la pami popilasyon timoun ki te viv restavèk nan zòn metwopolitèn Pòtoprens. Nou te idantifye yon enstriman ki reflekte pwoblèm sa yo – se “Youth Self-Report” (YSR) ki vle di “Otoevalyasyon Timoun ak Jèn” ki te deja itilize epi etidye nan plis pase 65 kominote nan mond lan. YSR la te adapte pou li pran an kont pi byen pwoblèm ki te idantifye nan etid kalitatif la. Pou sa, nou te ajoute lòt kesyon ki te baze sou pwoblèm ki te parèt souvan nan etid kalitatif la men YSR la pa genyen. Nou pa te ni retire ni chanje kesyon ki te nan YSR, nan lide pou fasilite konparezon fèt avèk rezilta ki soti nan lòt kominote. Kesyon ki te ajoute yo, nou te analize yo poukont yo kòm de (2) echèl Lokal – sentòm ak fonksyonman. Anplis sa, selon kesyon yo, nou te ajoute yo sou lòt echèl YSR (echèl Konbine). YSR la te tradui an Kreyòl Ayisyen avèk yon sousi pou itilize menm vokabilè ki te soti nan done kalitatif yo.

Anplis enstriman adapte a, gwoup ki t ap fè etid la ak moun ki t ap fè entèvyou te kreye yon tèks pou enfòm epi jwenn konsantman. Apre nou te fin jwenn otorizasyon enstitisyon ki fè prizanchaj timoun yo, moun ki t ap fè entèvyou yo te prezante chak timoun tèks la e mande chak timoun si yo dakò ou pa pou yo patisipe nan etid la. Gwoup ki te fè etid la te genyen ladan li: sikològ ki responsab etid la, direktè pwogram Beyond Borders, twa manm estaf OIM (Organisation Internationale pour les Migrations), yon sikològ ayisyèn ki abitye travay ak sivivan vyolans, e yon pwofesyonèl ki te travay kòm entèvyouwè nan etid kalitatif la ki genyen anpil eksperyans travay ak sivivan vyolans.

Yon etid pilòt te fèt ak enstriman an (YSR – Ayiti, oubyen YSR-A), nan lespri pou detekte nenpòt pwoblèm ki ka parèt nan pwosesis entèvyou yo, nan pwosesis bay enfòmasyon ak jwenn konsantman, e tou nan enstriman an li menm selon pwennvi moun k ap fè entèvyou ak moun k ap pase entèvyou. Sa te pèmèt nou detèmine si enstriman an reponn ak anviwònman an, si li konpreyansif pou popilasyon an epi pèmèt moun ki ta pral fè entèvyou fè pratik. Fidbak moun ki te fè entèvyou ak moun ki te pase entèvyou nan etid pilòt la te pèmèt nou fè revizyon ak ti koreksyon ki nesèsè sou enstriman an ak sou pwosesis bay enfòmasyon ak jwenn konsantman. Rezilta egzèsis sa yo ta pral itilize nan etid fyabilite ak valide enstriman an.

Etid la te genyen ladan li evalyasyon koerans entèn, validite kritè, ak kontwòl fyabilite premye/dezyèm tès. Moun ki te pase entèvyou yo te soti nan kat enstitisyon ki nan zòn metwopolitèn Pòtoprens. Tout enstitisyon yo fè prizanchaj pou timoun ki an difikilte (lojman ak edikasyon) sou yon peryòd ki ka rive nan plizyè lane. De (2) ladan yo travay pi patikilyèman ak timoun ki soti nan restavèk. Trant nèf pousan nan timoun yo te repase entèvyou nan yon peryòd 2 rive 12 jou (an mwayèn 5.7 jou) apre premye entèvyou a nan lespri pou evalye fyabilite premye/dezyèm tès. Pou evalye koerans entèn nan nou te itilize koefisyan alfa Cronbach. Nou te evalye validite kritè avèk èd pèsònèl nan enstitisyon yo ki pi pwòch timoun yo nan travay yo. Pèsònèl ak timoun yo te patisipe nan pwosesis pou idantifye timoun yo kwè ki genyen pwoblèm emosyonèl ak pwoblèm konpòtman ak timoun yo jije ki pa genyen pwoblèm sa yo.

Rezilta

Karakteristik Echantiyon

Eksperyans pilòt la te pèmèt nou fè ti chanjman nan fòmilasyon kèk kesyon. Li te pèmèt tou nou devlope yon metòd pou moun k ap fè entèvyou yo jere ka kote timoun reponn yon fason pozitif sou kesyon ki gen rapò ak eseye oubyen panse fè tèt yo mal. Pou etid fyabilite ak validite, 73 timoun te patisipe e ladann yo 67 te reponn tout kesyon yo. Tablo 1 prezante tout karakteristik echantiyon an.

Tablo 1: Karakteristik echantiyon

Total N=67	N (%)
Sèks	
Gason	20 (30%)
Fi	47 (70%)
Laj*	
9-11	16 (24%)
12-14	34 (51%)
15-17	15 (22%)
Sit	
#1. Foyer L'Escale	29 (43%)
#2. Restavèk Freedom	6 (9%)
#3. Centre pour le Developpement et Action (CAD)	23 (34%)
#4. Timoun K ap Teke Chans (TIMKATEC)	9(13%)

*Manke done sou laj de (2) patisipan

Karakteristik Echèl

Analiz fyabilite ak validite te baze sou 12 echèl. Kòm YSR la se yon enstriman ki baze sou anpil rechèch, nou te kòmanse ak analiz sou-echèl YSR yo (Pwoblèm Entèn, Pwoblèm Ekstèn, Konpetans Aktivite, Konpetans Sosyal, ak Konpetans Akademik) ak echèl total YSR yo (Pwoblèm Total ak Konpetans Total). Apre sa, nou te analize echèl Lokal – sentòm ak fonksyonman. Finalman, nou te konbine echèl YSR ak echèl Lokal sou dimansyon entèn, ekstèn ak pou pwoblèm total. Estatistik deskriptif pou 12 echèl yo prezante nan Tablo 2.

Tablo 2: Estatistik deskriptif echèl

	# Atik	Mwayèn	Eka Tip	Minimòm	Maksimòm
YSR Sou-Echèl					
YSR Pwoblèm Entèn	31	23.76	8.21	8	44
YSR Pwoblèm Ekstèn	32	13.83	7.59	0	31
YSR Konpetans Aktivite	6	9.00	2.61	3.5	14.00
YSR Konpetans Sosyal	6	7.23	2.59	0	11.67
YSR Konpetans Akademik	1	2.14	0.51	1	3
YSR Echèl Total					
YSR Pwoblèm Total	105	68.90	24.42	22	133
YSR Konpetans Total	13	18.38	3.98	8.83	25.67
Echèl Lokal					
Sentòm*	34	21.14	8.77	2	41
Fonksyonman*	14	22.56	4.41	13	28
Echèl Konbine					
Pwoblèm Entèn YSR ak Lokal*	48	35.45	12.81	10	63
Pwoblèm Ekstèn YSR ak Lokal*	40	17.23	9.65	0	39
Pwoblèm Total YSR ak Lokal*	139	89.85	31.30	28	165

*Se pa tout patisipan ki gen done konplè. Done prezante pou patisipan ki gen done konplè sèlman.

Fyabilite Koerans Entèn

Echèl pwoblèm YSR yo gen bon koerans entèn (alfa Cronbach $>.7$ pou pwoblèm entèn, $>.8$ pou pwoblèm ekstèn ak pou pwoblèm total). Echèl Lokal yo ak echèl Konbine yo genyen alfa $>.8$ sòf echèl Lokal fonksyonman ki $>.7$. Echèl YSR konpetans yo genyen fyabilite koerans entèn ki ba ($.4-.5$). Tablo 3 prezante alfa Cronbach pou chak echèl (echantiyon gason, fi, ak total).

Tablo 3: Koefisyan alfa Cronbach

	Echantiyon Total (67)	Gason (20)	Fi (47)
YSR Sou-Echèl			
YSR Pwoblèm Entèn	.753	.740	.776
YSR Pwoblèm Ekstèn	.802	.777	.802
YSR Konpetans Aktivite	.584	.723	.526
YSR Konpetans Sosyal	.574	.682	.530
YSR Echèl Total			
YSR Pwoblèm Total	.834	.866	.853

YSR Konpetans Total	.527	.668	.370
Echèl Lokal			
Sentòm*	.817	.801	.830
Fonksyonman*	.768	.785	.770
Echèl Konbine			
Pwoblèm Entèn YSR ak Lokal*	.844	.830	.871
Pwoblèm Ekstèn YSR ak Lokal*	.846	.816	.844
Pwoblèm Total YSR ak Lokal*	.882	.902	.897

*Se pa tout patisipan ki gen done konplè. Done prezante pou patisipan ki gen done konplè sèlman.

Fyabilite Premye/Dezyèm Tès

Rezilta fyabilite premye/dezyèm tès te jeneralman pi ba pase fyabilite koerans entèn. Ak .6 kòm nivo ki akseptab pou fyabilite premye/dezyèm tès, tout echèl demontre yon nivo fyabilite akseptab, sòf echèl YSR konpetans ak echèl Lokal fonksyonman. Echèl pwoblèm entèn yo demontre fyabilite premye/dezyèm tès ki pi wo (>.8) pase echèl pwoblèm ekstèn yo (>.6). Pa kont, echèl Lokal fonksyonman ak echèl YSR konpetans aktivite, konpetans akademik ak konpetans total te ba anpil sou aspè fyabilite premye/dezyèm tès (.2-.5). Tablo 4 prezante rezilta fyabilite premye/dezyèm tès.

Tablo 4: Fyabilite premye/dezyèm tès

	Mwayèn (Eka Tip) Premye Entèvyou	Mwayèn (Eka Tip) Dezyèm Entèvyou	Korelasyon
YSR Sou-Echèl			
YSR Pwoblèm Entèn	24.15 (9.29)	19.67 (9.76)	.835
YSR Pwoblèm Ekstèn	13.33 (6.78)	11.78 (8.93)	.628
YSR Konpetans Aktivite	10.72 (1.59)	11.20 (1.40)	.371
YSR Konpetans Sosyal	7.67 (2.11)	7.96 (1.47)	.731
YSR Konpetans Akademik	2.20 (.45)	2.22 (.40)	.213
YSR Echèl Total			
YSR Pwoblèm Total	70.48 (23.86)	53.19 (27.40)	.834
YSR Konpetans Total	20.59 (3.19)	21.30 (1.83)	.544
Echèl Lokal			
Sentòm*	20.52 (8.38)	20.15 (10.15)	.689
Fonksyonman*	22.67 (4.48)	23.81 (3.63)	.410
Echèl Konbine			
Pwoblèm Entèn YSR ak Lokal*	35.22 (14.10)	29.74(15.60)	.827
Pwoblèm Ekstèn YSR ak Lokal*	17.15 (8.84)	16.00 (12.13)	.617
Pwoblèm Total YSR ak Lokal*	91.70 (30.51)	78.85 (39.47)	.834

Validite Kritè

Malgre nou te tante evalye validite kritè atravè triyaj patisipan yo ant sa ki genyen pwoblèm sante mantal ak sa ki pa genyen pwoblèm sante mantal baze sou konvèsasyon ki te fèt ak timoun yo e ak moun ki ap pran swen yo e ki konnen yo byen, nan anpil ka timoun yo ak moun k ap pran swen yo pa t bay menm repons. Genyen plizyè rezon pou sa. Premyeman, nou pa t kapab jwenn yon mo oubyen yon tèm pwòp pifò moun konnen ki kapab esplike timoun ki gen pwoblèm sikososyal oubyen sante mantal. Konsa nou te oblije mande timoun ak granmoun ki okipe timoun pou yo di nou si yon timoun fonksyone plizoumwenn byen nan nivo emosyon, konpòtman, oubyen si li kite limit nòmal pou yon timoun ki gen laj li. Ak kesyon ki pa presi konsa, e tout moun pa konprann menm jan, nou te prevwa gwo risk pou nou jwenn mank akò ant moun k ap reponn pou yon menm timoun, men nou te anvi tante tès validite kritè kanmenm. Dezyèmman, anpil rechèch ki fèt lòt kote konn montre lè ou mande de (2) moun pale de konpòtman yon timoun, sitou si timoun nan se youn ladan yo k ap pale de tèt li, akò ki genyen konn ba. Twazyèmman, nan ka pa nou kote nou te mande pèsònèl nan enstitisyon yo pale de timoun yo, moun ki t ap poze kesyon te remake yon retisans bò kote manm pèsònèl yo pou yo bay yon evalyasyon negatif sou timoun, menm si timoun nan li menm rekonèt li gen pwoblèm. Nòmalman, tout ka kote timoun nan ak moun k ap pran swen li pa te tonbe dakò ta dwe ekate nan evalyasyon validite kritè a, e se sèlman sou ka kote ni patisipan ni moun k ap pran swen yo tonbe dakò ki ta kenbe. Konsa, kòm nou pa te kapab fè yon tès validite kritè; donk, nou pa ka pale de validite kritè enstriman an.

Lòt analiz sou distribisyon rezilta, ka patikilye, ak korelasyon kesyon ak echèl yo te sijere nou kesyon ki te ka konsidere kòm kesyon ki pa nesèsè lè nou pran an kont nivo frekans yo ki ba (ki ka reflekte diferans kiltirèl nan konpòtman) oubyen korelasyon ak lòt kesyon nan echèl yo ki ba (ki ka demontre kesyon an p ap mezire menm konsèp ak echèl la). Nou te repete tout analiz apre nou te retire kesyon ki te endike yo dapre analiz, e rezilta yo te demontre echèl yo fonksyone prèske menm jan avèk oubyen san kesyon patikilye sa yo.

Anplis prensipal objè etid la, nou te fè analiz epidemyolojik preliminè done etid la pou gade rezilta echantiyon sou echèl pwoblèm YSR yo. An mwayèn nou te jwenn nivo nan echèl pwoblèm wo pou gason ak fi, sòf pou nivo pwoblèm ekstèn pou fi. An jeneral, gason ak fi te prezante plis pwoblèm entèn pase ekstèn. Malgre nòm merite tabli pou popilasyon ayisyen an, yon konparezon preliminè te fèt ant rezilta etid sa a ak nòm Ozetazini pou chak echèl. Pou fi, pousantaj ka nan echantiyon an ki demontre pwoblèm yo nan limit klinik rive nan klinik te 70% pou pwoblèm entèn e 30% pou pwoblèm ekstèn. Pou gason, pousantaj ka nan echantiyon an ki demontre pwoblèm yo nan limit klinik rive nan klinik te 95% pou pwoblèm entèn e 50% pou pwoblèm ekstèn. Pou pwoblèm total, 60% fi ak 80% gason demontre yo nan ran limit klinik ak klinik.

Diskisyon

Evalyasyon fyabilite ak validite revele diferans nan pèfòmans echèl YSR-A yo. Nou te jwenn echèl ki baze sou pwoblèm (echèl YSR ak echèl Konbine) gen bonjan pwopriyete sikometrik nan popilasyon an. Echèl Lokal yo te gen bon pèfòmans sòf pou echèl Lokal fonksyonman nan tès fyabilite premye/dezyèm tès. Tout echèl konpetans YSR te gen yon pèfòmans ki ba sòf pou echèl konpetans sosyal YSR nan tès fyabilite premye/dezyèm tès.

Rezilta koerans entèn te bon pou echèl YSR pwoblèm ekstèn, YSR pwoblèm total, echèl Lokal sentòm, ak echèl Konbine pou pwoblèm (entèn, ekstèn, ak total), e yo te akseptab pou echèl YSR pwoblèm entèn ak echèl Lokal fonksyonman, ki endike kesyon sou echèl sa yo mezire menm konsèp yo. Pakont, echèl konpetans YSR yo (konpetans total, ak sou-echèl

konpetans aktivite, sosyal, ak akademik) demontre fyabilite koerans entèn ki ba. Kòm echèl sa yo gen mwens kesyon e yo te fèt pou yo te touche divès konpetans ki mezire sou divès fòm, nou pa sipoze echèl sa yo oblije mezire yon sèl konsèp.

Rezilta fyabilite premye/dezyèm tès te varye ant bon (pou echèl YSR pwoblèm entèn, YSR pwoblèm total, echèl Konbine pou pwoblèm entèn ak echèl Konbine pou pwoblèm total) ak akseptab (pou YSR sou-echèl konpetans sosyal), ak limit nivo akseptab (echèl Lokal sentòm, echèl YSR pwoblèm ekstèn, ak echèl Konbine pou pwoblèm ekstèn). Pakont, echèl Loka fonksyonman ak sou-echèl YSR konpetans yo te montre fyabilite premye/dezyèm tès ki te ba. Li enpòtan pou nou fè resoti YSR se yon enstriman yon patisipan dwe ranpli poukont li, nan ka etid pa nou, se moun ki t ap fè entèvyou ki te li kesyon yo epi konplete fòm avèk repons timoun yo. Nou pa te kapab asire se menm moun ki te fè premye entèvyou ak yon timoun ki te fè dezyèm entèvyou ak menm timoun nan. Donk, rezilta premye/dezyèm tès gen dwa enflyanse akòz chanjman moun ki te fè premye ak dezyèm tès. Analiz distribisyon rezilta te endike yon frekans ki ba sou plizyè kesyon ki gen rapò ak konpòtman ki vyole nòm sosyal yo, e li posib echèl pwoblèm ekstèn, vi ak kontni kesyon yo, te pi afekte pa fason patisipan yo te vle prezante tèt yo. Li posib tou se fòs nòm sosyal ak kiltirèl ki entèdi yon seri konpòtman ki te enflyanse repons an prezans diferan moun k ap fè entèvyou.

Nou pa te kapab teste validite kritè akòz kalite metòd nou te itilize plis nivo akò ki te ba ant pèsepsyon timoun ak moun k ap ba yo swen sou pwoblèm emosyonèl ak konpòtman timoun yo. Rechèch ki fèt deja sou itilizasyon plizyè moun pou bay pèsepsyon sou timoun/jèn, ansanm ak lòt faktè kiltirèl ak kontekstyèl kapab eksplike nivo akò ki ba ant timoun ak moun ki ba yo swen. Gen lòt metòd ki itilize pèsepsyon pwofesyonèl lokal nan domèn sante mantal ki ka pèmèt yon evalyasyon validite kritè pi devan.

Anplis objè prensipal etid la, ki te pou devlope yon enstriman ki akseptab, fyab e valid, nou te fè lòt analiz epidemiyolojik preliminè sou done yo. An mwayèn nou te jwenn nivo nan echèl pwoblèm wo pou gason ak fi, sòf pou nivo pwoblèm ekstèn pou fi, ki demontre difikilte atravè divès kategori pwoblèm ki evalye pa echèl sa yo. An jeneral, gason ak fi te prezante plis pwoblèm entèn pase ekstèn, ki ka esplike pa nòm kiltirèl, sosyal ki entèdi sèten konpòtman e pa fason patisipan te vle prezante yo. Pifò timoun nan echantiyon an te nan sistèm prizanchaj enstitisyon kote yo viv sou yon peryòd ki te ale sou kèk mwa rive kèk lane. Pou sa nou atann nou timoun ki nan sant yo deja benefisye yon nivo sipò, swen ak estabiltè. Men, timoun ki soti nan restavèk e ki pa jwenn ankadreman sa yo, sa vle di ki ta nan lari oubyen nan lòt sitiyasyon kote yo pa gen aksè ak kalite sèvis enstitisyon yo bay, gen dwa demontre yon nivo pwoblèm ki pi wo pase timoun nou te rankontre nan etid sa a.

Konklizyon

Dapre etid sa a, YSR-A bon pou itilize pou timoun ki te restavèk an Ayiti. An gwo echèl pwoblèm YSR-A demontre bonjan pwopriyete sikometrik. Sa ki fè nou kwè yo adapte pou kategori timoun sa yo an Ayiti.

Rezilta yo sijere divès opsyon nan itilizasyon YSR-A an Ayiti. YSR-A ta kapab sèvi pou detekte oubyen ede idantifye timoun ki bezwen plis atansyon. Pou ka sa a, se echèl pwoblèm total YSR oubyen echèl Konbine pwoblèm total ki ta kapab ede idantifye timoun yo. Echèl pwoblèm entèn ak ekstèn kapab itil pou pi byen konprann kalite ak degre pwoblèm ki afekte chak timoun, e konsa pou ede adapte entèvansyon selon bezwen timoun yo. Echèl pwoblèm YSR-A kapab tou itilize pou evalye enpak entèvansyon enstitisyon yo nan prizanchaj.

Echèl konpetans YSR yo te montre pwopriyete sikometrik ki te ba e ki sijere echèl sa yo pa fyab. Donk, rezilta nou yo pa rekòmande yo ni pou idantifye timoun ni pou evalye enpak pwogram.

An mwayèn nivo pwoblèm yo te wo epi distribisyon yo montre gen yon gwo pousantaj timoun ki tonbe nan nivo elve pou echèl pwoblèm entèn, pwoblèm ekstèn, ak pwoblèm total. Sa vle di pifò timoun nan echantiyon nou te sèvi a gen divès kalte pwoblèm sikososal ki merite atansyon. Kòm pifò echantiyon an deja jwenn sèvis pou plizyè mwa e menm rive plizyè lane, nou prevwa timoun ki pa t benefisye sèvis yo genyen nivo pwoblèm ki pi wo toujou.

Rekòmandasyon

Nou rekòmande enstitisyon k ap fè prizanchaj pou timoun ki te restavèk an Ayiti itilize YSR-A kòm yon zouti pou idantifye timoun ki bezwen entèvansyon patikilye e pou evalye pwogrè y ap fè nan nivo sante mantal.

Objektif evalyasyon sa yo gen dwa genyen ladan yo:

- a) Evalye kalite ak degre bezwen timoun
- b) Itilize enfòmasyon sa yo pou devlope entèvansyon apwopriye
- c) Evalye enpak entèvansyon yo

Lè nou itilize YSR-A pi devan, analiz done yo dwe fèt pou yo ede nou pi byen konprann pèfòmans enstriman an, sitou nan sa ki gen rapò ak validite kritè e pèfòmans echèl konpetans yo.

Gwoup ki te devlope Youth Self-Report la rekòmande avèk anpil ensistans pou enstriman an itilize nan entegralite li e selon pwosedi ki estandadize yo. Sepandan pou echantiyon nou te travay la, gen echèl YSR konpetans yo ki pa t montre yo te fyab. Gwoup ki te devlope YSR la dakò echèl YSR konpetans sa yo, ki pran de (2) paj nan enstriman an, kapab soti. Sa ap redui tan sa pran pou pase enstriman an. Anplis sa, te gen lòt kesyon nan echèl YSR pwoblèm ak nan echèl Lokal sentòm ki te ka soti san sa pa chanje pwopriyete enstriman an. Men, kòm kesyon sa yo gen dwa kontribye ni nan validite kontni, ni nan validite kritè ki poko tabli, nou rekòmande tout kesyon pwoblèm ak sentòm yo rete jiskaske yon evalyasyon validite kritè fèt.

Remèsiman

San jenewozite Equitas Group, etid sa a pa t ap reyalize. Nou vle remèsye espesyalman Jonathan Scoonover, Program Manager Equitas Group, pou tout devouman li ki te pèmèt etid sa a jwenn sipò Equitas Group. N ap remèsye tou Beyond Borders pou akèy yo te bay etid la, ak kontribisyon yo nan divès nivo – tan anplwaye, resous òganizasyon an, konsèy. Nou apresye kolaborasyon tout enstitisyon ki te patisipe nan etid la - enterè direktè/direktris ak anplwaye enstitisyon sa yo te demontre pou etid la te ankouraje nou anpil. Nou remèsye tout moun ki te fè entèvyou pou devouman yo nan travay la. Pa gen mo pou nou eksprime remèsiman nou pou timoun, sivivan restavèk, ki te aksepte reponn kesyon nou e ki fasilite nou devlope enstriman sa a.

Konsantman Vèbal pou Etid ak Timoun

Nòt pou moun k ap fè entèvyou:

Pati ki ekri **an gra** se pou nou li yo pou moun nou vle pale avèk yo anvan nou kòmanse fè entèvyou a. Si patisipan an dakò li vle patisipe, fòk ou siyen sou liy ki make “Temwen pou Pwosedi Konsantman” an ba. Anplis, pa bliye note dat entèvyou a anba.

Bi Etid la

N ap fè yon etid ki pral pèmèt nou aprann plis sou pwoblèm timoun epitou sou sa timoun an jeneral fè. Lè nou aprann sou pwoblèm ak aktivite timoun, Beyond Borders/Limyè Lavi ak lòt òganizasyon k ap travay ak timoun espere kreye pwogram ki kapab pi byen ede timoun ak fanmi yo. Beyond Borders / Limyè Lavi ap fè etid la, an kolaborasyon ak OIM, Foyer L’escal, CAD, Timkatec, e ak Restavèk Freedom. Nou ta renmen envite ou patisipe.

Demach Etid la

Pou nou reyalize etid la, n ap pale ak timoun, e ak granmoun ki okipe timoun. Se poutèt sa nou te chwazi ou pou patisipe. Si ou dakò pou patisipe, m ap poze ou kèk kesyon sou ou.

Risk ak Malèz Potansyèl

Chak entèvyou ap mande 30 al 60 minit. Gen de moun ki santi yo malalèz lè moun poze yo kalite kesyon sa yo. Kapab gen kèk kesyon ou pa renmen oubyen ki fè ou malalèz. Ou gen dwa refize reponn kesyon sa yo, oubyen nenpòt lòt kesyon si ou vle. Ou gen dwa kanpe entèvyou a nenpòt lè ou vle. Si ou santi ou malalèz apre entèvyou a fini, nou gen yon moun nan ekip nou ki kapab pale avèk ou apre entèvyou a.

Benefis

Enfòmasyon sa a ap ede Beyond Borders / Fondasyon Limyè Lavi / OIM pwopozè lòt pwogram ak sèvis ki kapab amelyore sèvis pou timoun. Men, sa pa vle di ap genyen yon benefis dirèk pou ou pou patisipasyon ou.

Aspè Volontè

Ou pa oblije patisipe nan etid sa a. Pa gen yon benefis dirèk pou ou pou patisipasyon ou. Pa gen okenn konsekans negatif si ou refize patisipe, ni si ou deside patisipe kounye a men ou deside sispann patisipe pi devan.

Konfidansyalite

Pandan entèvyou a, m ap ekri enfòmasyon ou pataje avè m. Se enfòmasyon sa yo n ap itilize pou etid la. Rejis enfòmasyon an p ap gen anyen ladan li ki kapab idantifye ou. Se sèlman ekip etid la k ap gen dwa gade enfòmasyon yo. Pa gen anyen nan sa ou pataje avèk nou ki ap pataje ak lòt moun ki pa fè pati ekip etid la. Nou p

¹ Adapte ak otorizasyon soti nan: Applied Mental Health Research Group (2011). *Design, implementation, monitoring, and evaluation of cross-cultural HIV-related mental health and psychosocial assistance programs: A user’s manual for researchers and program implementers (Adult Version) Module 2: Developing quantitative tools.*

ap pèmèt pèsonn konnen kiyès ki te bay yon repons, sòf oka ou nou panse ou kapab an danje. Nan ka sa a, nou pa kapab kenbe enfòmasyon sa a an konfidansyalite, epi n ap fè demach ki nesesè pou nou asire nou tout moun an sekirite.

Pwen Kontak

Si ou gen kesyon kounye a, ou mèt poze yo kounye a. Si ou gen kesyon apre m kite, ou gen dwa mande Reskonsab Sant la. Epi ou kapab jwenn Cara Kennedy, reskonsab Etid la, nan biwo Beyond Borders [adrès] epi nan nimewo telefòn [xxxx-xxxx].

Èske ou gen kesyon?

Èske ou deside patisipe nan etid la?

Wi [Kontinye]

Non [Kanpe]

Non Timoun nan

[Mwen te esplike etid la ak patisipan an]

Moun k ap fè entèvyou ki se temwen konsantman

Dat

Anèks B: Glosè pou konsèp sou fyabilite ak validite²

Fyabilite

Fyabilite vle di degre akò ant de (2) mezi pou yon menm konsèp. Li gen dwa de (2) mezi ki fèt nan menm moman, oubyen nan moman diferan. Pou enstriman an itil, li oblije gen bonjan fyabilite nan kontèks kote l ap itilize. Donk, lè yon enstriman chanje, pa egzanp lè li tradui pou li itilize avèk yon lòt popilasyon, li nesèsè pou nou tabli fyabilite li.

Fyabilite Premye/Dezyèm Tès

Yon tès fyabilite sou tan rele fyabilite “tès/retès” oubyen fyabilite premye/dezyèm tès. Pou nou evalye fyabilite premye/dezyèm tès, nou pase enstriman an ak menm moun nan de (2) okazyon. Nòmalman, sa fèt pou pi piti yon jou apre, pou asire se pa sèlman repons moun nan sonje li te bay anvan li bay ankò, men nou pa dwe tann twòp tan paske sa n ap mezire gen dwa chanje (si se imè moun nan, pa egzanp). Donk, dezyèm tès la souvan fèt 1 rive 7 jou apre premye tès la. Pou fè konparezon ant de (2) rezilta yo, nou adopte mezi pou chak echèl nan chak okazyon epi nou fè yon tès korelasyon ant de (2) mezi yo. Nivo ki akseptab konn varye, men nòmalman nou vle wè nivo korelasyon an pi wo pase 0.7. Si nivo a pi ba, li konn difisil pou nou entèprete si se akòz enstriman an pa bon, si se yon efè ki gen rapò ak diferan moun ki te fè entèvyou yo, oubyen si se sa nou t ap mezire ki te chanje.

Fyabilite Koerans Entèn

Fyabilite koerans entèn gen rapò ak degre akò ant kesyon ki mezire menm konsèp. Pa egzanp, de (2) kesyon ki mezire de (2) aspè depresyon dwe bay rezilta ki an akò pou yon menm endividi. Nou mezire akò sa a ak korelasyon kantitatif. Pou enstriman ki gen anpil kesyon k ap mezire menm konsèp, nou ta bezwen gade yon pakèt korelasyon pou nou evalye akò ant chak de (2) kesyon, e nou ta bezwen yon fason pou nou jwenn korelasyon pou tout koup kesyon yo. Alfa Cronbach se yon mezi estatistik ki pèmèt nou jwenn rezilta sa yo. Se yon sèl rezilta ki reflète korelasyon mwayèn ant tout koup kesyon nan yon enstriman. Alfa Cronbach dwe pi wo pase 0.7, epi ideyalman ant 0.8 e 0.9. Fyabilite chak kesyon patikilye kapab kalkile lè nou mezire alfa avèk kesyon an, san kesyon an. Si nou wè alfa a ogmante anpil san kesyon an, sa gen dwa sijere kesyon an pa mezire menm konsèp, epi li dwe soti nan enstriman an. Lè nou etidye efè chak kesyon konsa, nou rele sa Analiz Kesyon.

Validite

Validite se degre akò ant rezilta enstriman bay ak reyalyte sa l ap mezire a. Enstriman yo gen dwa fyab san yo pa valid, si yo toujou bay menm rezilta menm si rezilta a fo, donk nou bezwen gade fyabilite e validite pou nou fè yon enstriman konfyans. Gen de (2) aspè validite pou nou konsidere:

Validite Kontni

Validite kontni demontre si enstriman an apwopriye pou li mezire sa li sipoze ap mezire. Youn nan fason pou nou fè validite kontni se mande ekspè fè analiz sou enstriman an pou wè si enstriman an kouvri tout aspè ki enpòtan nan konsèp l ap mezire. Nan etid pa nou an, nou te konsilte de (2) gwoup ekspè. Premye gwoup se sikològ ak lòt pwofesyonèl nan

² *Adapte ak otorizasyon soti nan: Applied Mental Health Research Group (2011). Design, implementation, monitoring, and evaluation of cross-cultural HIV-related mental health and psychosocial assistance programs: A user's manual for researchers and program implementers (Adult Version) Module 2: Developing quantitative tools.*

domèn sante mantal (Ayisien ak Ameriken) ki te ede nou chwazi YSR la kòm yon enstriman apwopriye pou popilasyon sa a ki mezire konsèp ki te soti nan etid kalitatif la. Dezyèm gwoup la se popilasyon lokal, atravè etid kalitatif la. Chwa YSR la te baze sou konfòmite li ak done ki soti nan etid kalitatif la.

Validite Kritè

Validite kritè reflekte akò ant enstriman an ak yon mezi ekstèn (kritè) ki presi. Nan etid pa nou kritè a te sipoze yon konbinezyon evalyasyon pèsònèl institisyon yo ak otoevalyasyon timoun sou sitiyan sante mantal yo.

Anèks C: Vèsyon “Youth Self-Report – Ayiti” ki te Itilize nan Etid la
